CAREERINDIA

# PAPER-II
# MAITHILI

**Signature and Name of Invigilator**

1. (Signature) ____________________________

   (Name) ____________________________

2. (Signature) ____________________________

   (Name) ____________________________

OMR Sheet No. : .............................................
(To be filled by the Candidate)

Roll No. | | | | | | | | |
(In figures as per admission card)

Roll No.__________________________________
(In words)

**D 1 8 1 4**

Time : $1\,{}^{1}/_{4}$ hours] [Maximum Marks : **100**

Number of Pages in this Booklet : **8** Number of Questions in this Booklet : **50**

## Instructions for the Candidates

1. Write your roll number in the space provided on the top of this page.
2. This paper consists of fifty multiple-choice type of questions.
3. At the commencement of examination, the question booklet will be given to you. In the first 5 minutes, you are requested to open the booklet and compulsorily examine it as below :
   (i) To have access to the Question Booklet, tear off the paper seal on the edge of this cover page. Do not accept a booklet without sticker-seal and do not accept an open booklet.
   (ii) **Tally the number of pages and number of questions in the booklet with the information printed on the cover page. Faulty booklets due to pages/questions missing or duplicate or not in serial order or any other discrepancy should be got replaced immediately by a correct booklet from the invigilator within the period of 5 minutes. Afterwards, neither the Question Booklet will be replaced nor any extra time will be given.**
   (iii) After this verification is over, the OMR Sheet Number should be entered on this Test Booklet.
4. Each item has four alternative responses marked (A), (B), (C) and (D). You have to darken the circle as indicated below on the correct response against each item.
   **Example :** Ⓐ Ⓑ ● Ⓓ
   where (C) is the correct response.
5. Your responses to the items are to be indicated in the **OMR Sheet given inside the Paper I Booklet only.** If you mark at any place other than in the circle in the OMR Sheet, it will not be evaluated.
6. Read instructions given inside carefully.
7. Rough Work is to be done in the end of this booklet.
8. If you write your Name, Roll Number, Phone Number or put any mark on any part of the OMR Sheet, except for the space allotted for the relevant entries, which may disclose your identity, or use abusive language or employ any other unfair means such as change of response by scratching or using white fluid, you will render yourself liable to disqualification.
9. You have to return the test question booklet and Original OMR Sheet to the invigilators at the end of the examination compulsorily and must not carry it with you outside the Examination Hall. You are, however, allowed to carry original question booklet and duplicate copy of OMR Sheet on conclusion of examination.
10. **Use only Blue/Black Ball point pen.**
11. **Use of any calculator or log table etc., is prohibited.**
12. **There is no negative marks for incorrect answers.**

## परीक्षार्थियों के लिए निर्देश

1. इस पृष्ठ के ऊपर नियत स्थान पर अपना रोल नम्बर लिखिए ।
2. इस प्रश्न-पत्र में पचास बहुविकल्पीय प्रश्न हैं ।
3. परीक्षा प्रारम्भ होने पर, प्रश्न-पुस्तिका आपको दे दी जायेगी । पहले पाँच मिनट आपको प्रश्न-पुस्तिका खोलने तथा उसकी निम्नलिखित जाँच के लिए दिये जायेंगे, जिसकी जाँच आपको अवश्य करनी है :
   (i) प्रश्न-पुस्तिका खोलने के लिए उसके कवर पेज पर लगी कागज की सील को फाड़ लें । खुली हुई या बिना स्टीकर-सील की पुस्तिका स्वीकार न करें ।
   (ii) **कवर पृष्ठ पर छपे निर्देशानुसार प्रश्न-पुस्तिका के पृष्ठ तथा प्रश्नों की संख्या को अच्छी तरह चैक कर लें कि ये पूरे हैं । दोषपूर्ण पुस्तिका जिनमें पृष्ठ/प्रश्न कम हों या दुबारा आ गये हों या सीरियल में न हों अर्थात् किसी भी प्रकार की त्रुटिपूर्ण पुस्तिका स्वीकार न करें तथा उसी समय उसे लौटाकर उसके स्थान पर दूसरी सही प्रश्न-पुस्तिका ले लें । इसके लिए आपको पाँच मिनट दिये जायेंगे । उसके बाद न तो आपकी प्रश्न-पुस्तिका वापस ली जायेगी और न ही आपको अतिरिक्त समय दिया जायेगा ।**
   (iii) इस जाँच के बाद OMR पत्रक की क्रम संख्या इस प्रश्न-पुस्तिका पर अंकित कर दें ।
4. प्रत्येक प्रश्न के लिए चार उत्तर विकल्प (A), (B), (C) तथा (D) दिये गये हैं । आपको सही उत्तर के वृत्त को पेन से भरकर काला करना है जैसा कि नीचे दिखाया गया है ।
   **उदाहरण :** Ⓐ Ⓑ ● Ⓓ
   जबकि (C) सही उत्तर है ।
5. प्रश्नों के उत्तर **केवल प्रश्न पत्र I के अन्दर दिये गये OMR पत्रक पर ही** अंकित करने हैं । यदि आप OMR पत्रक पर दिये गये वृत्त के अलावा किसी अन्य स्थान पर उत्तर चिह्नांकित करते हैं, तो उसका मूल्यांकन नहीं होगा ।
6. अन्दर दिये गये निर्देशों को ध्यानपूर्वक पढ़ें ।
7. कच्चा काम (Rough Work) इस पुस्तिका के अन्तिम पृष्ठ पर करें ।
8. यदि आप OMR पत्रक पर नियत स्थान के अलावा अपना नाम, रोल नम्बर, फोन नम्बर या कोई भी ऐसा चिह्न जिससे आपकी पहचान हो सके, अंकित करते हैं अथवा अभद्र भाषा का प्रयोग करते हैं, या कोई अन्य अनुचित साधन का प्रयोग करते हैं, जैसे कि अंकित किये गये उत्तर को मिटाना या सफेद स्याही से बदलना तो परीक्षा के लिये अयोग्य घोषित किये जा सकते हैं ।
9. आपको परीक्षा समाप्त होने पर प्रश्न-पुस्तिका एवं मूल OMR पत्रक निरीक्षक महोदय को लौटाना आवश्यक है और परीक्षा समाप्ति के बाद उसे अपने साथ परीक्षा भवन से बाहर न लेकर जायें । हालांकि आप परीक्षा समाप्ति पर मूल प्रश्न-पुस्तिका तथा OMR पत्रक की डुप्लीकेट प्रति अपने साथ ले जा सकते हैं ।
10. **केवल नीले/काले बाल प्वाईंट पेन का ही इस्तेमाल करें ।**
11. **किसी भी प्रकार का संगणक (कैलकुलेटर) या लाग टेबल आदि का प्रयोग वर्जित है ।**
12. **गलत उत्तरों के लिए कोई नकारात्मक अंक नहीं हैं ।**

www.careerindia.com

CAREERINDIA

# MAITHILI
# मैथिली
## PAPER – II
## प्रश्नपत्र – II

**Note :** This paper contains **fifty (50)** multiple-choice questions, each question carrying **two (2)** marks. Attempt **all** the questions.

**नोट** : एहि प्रश्नपत्रमे **पचास (50)** बहु-विकल्पीय (Multiple-choice) प्रश्न अछि । प्रत्येक प्रश्नक लेल **दू (2)** अंक निर्धारित अछि । प्रत्येक प्रश्नक उत्तर दातव्य ।

**1.** भाषाक मुख्य वर्गीकरणक प्रकार अछि

(A) एक (B) दू

(C) तीन (D) चारि

**2.** भाषावैज्ञानिक छथि

(A) मुरलीधर झा (B) सीताराम झा

(C) ग्रियर्सन (D) टंकनाथ चौधरी

**3.** 'मैथिलीक उद्‌गम ओ विकास' लिखने छथि

(A) गोविन्द झा (B) दीनबन्धु झा

(C) शिवाकान्त ठाकुर (D) इन्द्रकान्त झा

**4.** 'अर्थसंकोच' होइछ

(A) नाटकमे (B) इतिहासमे

(C) उपन्यासमे (D) भाषा-विज्ञानमे

**5.** 'सट्टक' अछि

(A) कीर्तिलता (B) कर्पूरमंजरी

(C) रघुवंश (D) धम्मपद

**6.** गणेश्वरक हत्या कयलनि

(A) असलान (B) इब्राहिमशाह

(C) फिरोजशाह (D) औरंगजेब

**7.** 'मैथिली काव्यमे अलंकार' लिखने छथि

(A) जयधारी सिंह (B) रमण झा

(C) दिनेशकुमार झा (D) दामोदर झा

**8.** 'वाक्यं रसात्मकं काव्यम्' कहने छथि

(A) आनन्दवर्द्धन (B) जगन्नाथ

(C) विश्वनाथ (D) मम्मट

**9.** 'आलम्वन' भेद होइछ

(A) विभावक (B) अनुभावक

(C) व्यभिचारीभावक (D) संचारीभावक

**10.** 'ओज' भेद थिक

(A) रीतिक (B) गुणक

(C) रसक (D) ध्वनिक

**11.** 'मात्रिक' छन्द थिक

(A) अभ्यास (B) लक्षणा

(C) छप्पय (D) प्रसाद

**12.** 'तापुन अपरूप देखल रे' कुचयुग अरविन्द' – एहिमे अलंकार अछि

(A) व्यतिरेक (B) उपमा

(C) उत्प्रेक्षा (D) रूपक

**13.** जतय उपमेये उपमान बनि जाइछ
ओतय अलंकार होइछ

(A) दृष्टान्त (B) अनन्वय

(C) काव्यलिंग (D) विभावना

**14.** जीवकान्त महाप्रयाण कयलनि

(A) 2011 मे (B) 2012 मे

(C) 2013 मे (D) 2014 मे

**15.** 'डंक बाजि गेल आगि लंक मे लागि रहल अछि
अभिनव विद्यापतिक भवानी जागि रहल अछि' – एकर कवि छथि

(A) वैद्यनाथ मिश्र 'यात्री' (B) सुरेन्द्र झा 'सुमन'

(C) भुवनेश्वर सिंह 'भुवन' (D) आरसी प्रसाद सिंह

**16.** सुधाकर झा 'शास्त्री' पर विनिबन्ध लिखने छथि

(A) मार्कण्डेय प्रवासी (B) देवेन्द्र झा

(C) जयदेव मिश्र (D) आनन्द मिश्र

**17.** साहित्य अकादेमीसँ पुरस्कृत छथि

(A) सुरेश्वर झा (B) देवशंकर 'नवीन'

(C) मोहन भारद्वाज (D) रमानन्द झा 'रमण'

**18.** प्रबोध साहित्य सम्मानसँ अलंकृत छथि

(A) नरेश मोहन झा (B) भीमनाथ झा

(C) सत्यनारायण मेहता (D) हीरा मंडल

**19.** 'नचिकेता' उपनाम छनि

(A) रामचरित पाण्डेयक (B) प्रद्‌म नारायण झाक

(C) भोलानाथ झाक (D) उदयनारायण सिंहक

**20.** 'तिरबेनी' नायिका छथि

(A) बिहाड़ि पात पाथर मे (B) पृथ्वीपुत्र मे

(C) भोरुकबा मे (D) दू-पत्र मे

**21.** 'घरदेखिया' कथाक लेखक छथि

(A) मेघन प्रसाद (B) अशोक कुमार मेहता

(C) सुभाष चन्द्र यादव (D) शिव प्रसाद यादव

**22.** 'धीवर-अंक मयंक तरणि चढ़ि _______ जाल पसार' – एहि पंक्तिक रिक्त स्थानमे होयत

(A) हिमकर (B) अनुचर

(C) दिवाकर (D) शशिकर

**23.** 'लगनी' गाओल जाइत अछि

(A) कन्याक द्विरागमनक काल (B) जाँत पिसबाक काल

(C) ढेकी कुतबाक काल (D) नेनाक जन्मक काल

**24.** विस्फी गाम दानस्वरूप देने छथिन्ह

(A) नरसिंह (B) देवसिंह

(C) शिवसिंह (D) हरिसिंह

**25.** 'शिखरिणी' प्रकाशित अछि

(A) साहित्य अकादेमीसँ (B) साहित्यिकीसँ

(C) मैथिली अकादमीसँ (D) चेतना समितिसँ

**26.** 'द्रुत विलम्बित ओ अन्य प्रबन्ध' लिखने छथि

(A) आनन्द मिश्र (B) अमरनाथ झा

(C) लोकनाथ मिश्र (D) योगानन्द झा

**27.** उपेन्द्र ठाकुर 'मोहन'क रचना थिकनि

(A) बाजि उठल मुरली (B) संन्यासी

(C) नमस्या (D) द्वादशी

**28.** 'ओकरा आङनक बारहमासा' नाटक लिखने छथि

(A) भाग्य नारायण झा (B) छत्रानन्द सिंह झा

(C) महेन्द्र मलंगिया (D) किशोर केशव

**29.** 'अभिनन्दन' कथा संग्रहक रचयिता छथि

(A) ललित (B) मायानन्द मिश्र

(C) राजकमल (D) प्रभास कुमार चौधरी

**30.** उषाकिरण खान लिखने छथि

(A) किस्त किस्त जीवन (B) मरीचिका

(C) मधुश्रावणी (D) हसीना मंजिल

**31.** 'जय राजा सलहेस' महाकाव्यक रचयिता छथि

(A) मैथिली पुत्र 'प्रदीप' (B) मतिनाथ मिश्र

(C) व्रजकिशोर वर्मा 'मणिपद्म' (D) मार्कण्डेय प्रवासी

**32.** 'उत्सर्ग' लिखने छथि

(A) सुरेन्द्र झा 'सुमन' (B) काशीकान्त मिश्र 'मधुप'

(C) लक्ष्मण झा (D) दामोदर लाल दास

**33.** 'विचार बीची'क लेखक छथि

(A) आनन्द मिश्र (B) शैलेन्द्र मोहन झा

(C) लेखनाथ मिश्र (D) महेन्द्र झा

**34.** 'अन्तिका' प्रकाशित होइत अछि

(A) गुआहाटीसँ (B) पटनासँ

(C) सहरसासँ (D) दिल्लीसँ

**35.** 'लोकगाथा विवेचन' लिखने छथि

(A) राजाराम प्रसाद (B) राजेश्वर झा

(C) किशोरनाथ झा (D) बिलट पासवान 'विहंगम'

**36.** 'सात समुद्र पार' लिखने छथि
(A) जगदीश चन्द्र झा
(B) गिरीन्द्र मोहन मिश्र
(C) सुरेश्वर झा
(D) रमाकान्त मिश्र

**37.** 'तुमि चिर सारथि'क लेखक छथि
(A) केदार कानन
(B) देवशंकर नवीन
(C) वीरेन्द्र मल्लिक
(D) तारानन्द वियोगी

**38.** 'तमस' अनुवाद कयने छथि
(A) नवीन चन्द्र मिश्र
(B) अमरेश पाठक
(C) वासुकीनाथ झा
(D) शिवशंकर झा 'कान्त'

**39.** 'हाथीक दाँत' लिखने छथि
(A) चन्द्रनाथ मिश्र 'अमर'
(B) सुधांशु 'शेखर' चौधरी
(C) प्रबोध नारायण सिंह
(D) ईशनाथ झा

**40.** 'मैथिली साहित्यक रूपरेखा' पोथीक सम्पादक छथि
(A) कुलानन्द झा
(B) शरदिन्दु चौधरी
(C) वीरेन्द्र झा
(D) वासुकीनाथ झा

**41.** 'सिद्ध साहित्य' सामग्री अछि
(A) आदिकालीन
(B) मध्यकालीन
(C) आधुनिक कालीन
(D) अत्याधुनिक कालीन

**42.** नायिका वर्णन अछि
(A) कीर्तिलतामे
(B) वर्णरत्नाकरमे
(C) रागतरंगिणीमे
(D) विभागसारमे

**43.** 'वाताह्वान' लिखने छथि
(A) कविशेखर
(B) कविशेखराचार्य
(C) कविकोकिल
(D) कवीश्वर

**44.** दुर्गानाथ झा 'श्रीश' छथि
(A) इतिहासकार
(B) एकांकीकार
(C) उपन्यासकार
(D) कथाकार

**45.** 'श' क उच्चारण होइछ
(A) मूर्द्धसँ
(B) कण्ठसँ
(C) तालुसँ
(D) ओष्ठसँ

**निर्देश** : निम्न गद्य अवतरणकँ ध्यानपूर्वक पढ़ि ओहिसँ सम्बद्ध प्रश्नावली (प्रश्न संख्या **46** सँ **50**) क लेल बहुविकल्पसँ सही विकल्पक चयन करु :

बंगालमे विद्यापतिक गीतक प्रचारक सभसँ पैघ हेतु मेलाह चैतन्यदेव । विद्यापतिक जे पदावली मिथिलामे शृंगारपरक बूझल जाइत छल ओहिसँ तत्त्वदर्शी चैतन्यकँ भक्तिक प्रेरणा मेटलन्हि । चैतन्यदेव सदृश भक्त जखन विद्यापतिक पदकँ गबैत छलाह तँ आनन्दसँ मूर्च्छित भ' जाइत छलाह । कृष्णदास अपन चरितामृतमे कहलन्हि अछि जे विद्यापति, चन्डीदास ओ जयदेवक गीतसँ चैतन्यकँ अतिशय प्रसन्नता होइत छलन्हि । चैतन्यक पश्चात् हुनक शिष्य परम्परा ओहि गीतकँ अपनौलन्हि तथा ओकर सम्मान एवं प्रचार कैलन्हि । राधा-कृष्ण विषयक पदकँ ओ प्रतीक रूपेँ स्वीकार कैलन्हि आ, ओहिमे हुनका एक महान रहस्यक बोध मेलन्हि । एहि तरहेँ बंगालमे विद्यापति गीतकँ गयबाक प्रथा बढ़ितहि गेल । विद्यापतिक मन्त्रमुग्धकारी कविता बंगाली लोकनिक हृदयमे एतेक ममत्व उत्पन्न क' देलकन्हि जे ओ इहो बिसरि गेलाह जे विद्यापति बंगाली नहि, मैथिल छलाह । विद्यापतिक व्यापक प्रभावक फलस्वरूप बंगालमे विद्यापतिक अनुकरण पर पद-रचनाक एकटा परम्परे चलि पड़ल । एहि प्रकारेँ मैथिली एवं बंगालीक सम्मिश्रणसँ एक नूतन काव्यभाषाक जन्म मेल आ एक नवीन वैष्णव साहित्यक अभ्युदय मेल जकर नाम बंगला साहित्य मध्य कालान्तरेँ 'ब्रजबुलि' देल गेल ।

ब्रजबुलिक उद्भवक प्रसंग सामान्यत: यैह सर्वसम्मत सिद्धान्त रहल अछि । डा० ग्रियर्सन, डा० सुनीति कुमार चटर्जी, म.म. डा० उमेश मिश्र डा० जे.सी. घोष, पं. शिवनन्दन ठाकुर प्रभृत विद्वान एकरहि समर्थन कैने छथि । डा० सुकुमार सेन अपन ब्रजबोली साहित्यक इतिहासमे एही मतक उल्लेख कैने छथि ।

**46.** तत्त्वदर्शी चैतन्यकँ प्रेरणा भेटलनि

(A) शक्तिक (B) भक्तिक

(C) अनुरक्तिक (D) विरक्तिक

**47.** विद्यापतिक पदकँ गाबि मूर्च्छित भ' जाइत छलाह

(A) जयदेव (B) शंकरदेव

(C) नान्यदेव (D) चैतन्यदेव

**48.** चैतन्यक पश्चात ओहि गीतकँ अपनौलनि

(A) हुनक परवर्ती कविगण (B) हुनक समकालीन साहित्यकारगण

(C) हुनक शिष्य परम्परा (D) हुनक भक्तगण

**49.** राधा-कृष्ण विषयक पदकँ ओ स्वीकार कैलनि

(A) उपहार रूपेँ (B) प्रतीक रूपेँ

(C) सम्मान रूपेँ (D) पुरस्कार रूपेँ

**50.** मैथिली एवं बंगलाक सम्मिश्रणसँ जन्म भेल

(A) एक अप्रचलित काव्यभाषाक (B) एक प्राचीन काव्यभाषाक

(C) एक नूतन काव्यभाषाक (D) एक अत्याधुनिक काव्यभाषाक

CAREERINDIA

**Space For Rough Work**

www.careerindia.com